

## COVID-19: Enstriksyon Jeneral pou Operatè Veyikil yo

*Dokiman sa a bay enstriksyon jeneral ak prekosyon sekirite yo pou ede operatè veyikil ki pa ijans yo pwoteje tèt yo ak pasaje yo a, epi ede ralanti pwopagasyon COVID-19 la. Antreprenè etablisman medikal yo ki ap bay transpò pou pasyan yo ta dwe swiv enstriksyon konpayi yo a.*

### Kenbe nan lespri ou kat aksyon enpòtan sa yo pou anpeche transmisyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad.**

- Siveye sante ou deprè pou sentòm COVID-19 yo, tankou tous, souf kout oswa difikilte pou respire, lafyè, frison, doulè nan misk, malgòj oswa pèt gou oswa pran sant toudenkou. Lis sa a pa gen tout bagay ladan. Lòt sentòm ki mwens komen yo rapòte yo, gen ladan sentòm gastwoentestinal yo tankou kè plen, vomi, oswa dyare. Granmoun ki pi aje yo gendwa genyen konfizyon oswa dezoryantasyon, epi yo kapab tonbe.
- Fè tès pou COVID-19 san peye. Vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) pou jwenn yon sit tès.
- Si ou te genyen oswa gendwa genyen COVID-19, rete lakay ou jiskaske **tout** sa ki annapre yo vre:
  - Sa fè omwen 14 jou depi sentòm yo te kòmanse oswa, si pa gen okenn sentòm ki devlope, 14 jou apre premye tès pozitif ou a.
  - Ou pa te genyen lafyè pandan twa dènye jou avan yo san itilize medikaman pou redwi lafyè yo, tankou Tylenòl oswa ibipwofèn
  - Sante jeneral ou amelyore
- Kèk travayè ki te genyen oswa gendwa genyen COVID-19 dwe tann pi lontan avan yo retounen travay baze sou egzijans Eta New York (NYS) yo.

- **Kenbe distans fizik.**

- Kenbe yon distans omwen 6 pye ant oumenm ak lòt moun yo chak fwa sa posib.
- Mande pasaje yo pou yo chita deyè nan veyikil la pou kreye distans fizik. Si veyikil la gen yon separasyon, fèmen separasyon an avan ou pran pasaje yo. Si veyikil la pa gen yon separasyon, konsidere mete yon baryè transparan an plastik ant devan ak deyè veyikil la. **Baryè a pa dwe afekte vizibilite retwovizè a.** Pou veyikil ki gen lisans Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) yo, chofè yo ta dwe swiv enstriksyon TLC a sou enstalasyon separasyon yo.
- Transpòte pasaje ki ansanm sèlman. Trajè an gwoup (yo konnen tou kòm vwayaj regwoupe yo) pa otorize (eksepte pou veyikil sèvis transpò adapte yo).
- .
- Itilize twou ayerasyon veyikil la pou mennen lè frè soti deyò ak fenèt ki ba yo. Evite itilize opsyon lè ki ap resikile a.

- **Pote yon kouvèti pou figi.**

- Pote yon kouvèti pou figi. Dekrè Egzekitif 202.18 NYS la egzije chofè yo pote yon kouvèti pou figi lè yo ap transpòte pasaje yo. Tout pasaje ki gen laj de (2) ane ki kapab tolere li medikalman dwe pote yon kouvèti pou figi. Pou plis enfòmasyon sou kouvèti

pou figi yo, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi chèche [FAQ About Face Coverings \(Kesyon yo Poze Souvan sou Kouvèti pou Figi yo\)](#).

- **Pratike ijyèn men pwòp pèsònèl.**

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou fin jere lajan oswa sachè pasajè yo, itilize twalèt la, mouche nen ou, touse oswa etènne. Sèvi ak yon dezenfektan abaz alkòl si pa gen savon ak dlo disponib.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa oswa bra ou lè ou etènne oswa touse; pa itilize men ou.
- Mete mouchwa ak dezenfektan pou men abaz alkòl disponib nan veyikil ou a pou pasaje yo.
- Ankouraje opsyon peman san touche yo. Redwi jesyon kach ak kat kredi yo.
- **Pa** touche je ou, nen ou, ak bouch ou avèk men ou san lave.
- **Pa** bay lanmen oswa ofri boutèy dlo yo, chiklèt oswa lòt atik bay pasaje yo.

- **Netwaye epi dezenfekte veyikil ou a souvan.**

- Prete atansyon espesyal ak sifas ak objè pasaje yo manyen souvan yo, tankou manch pòt yo, bouton fènèt yo, lòk yo, machin peman yo, kote yo depoze bra yo, kousen chèz yo, bouk yo ak senti sekirite yo. Netwaye sifas ou touche souvan yo, tankou volan an, bouton radyo yo, endikatè siyal pou vire yo ak espas pou kenbe gode yo.
- Retire pousyè ak kras vizib yo dabò. Answit itilize yon pwodwi dezenfektan regilye (pa egzanz, klowòks, pwodwi pewoksid oswa abaz alkòl ki gen tout izaj yo) ki apwopriye pou sifas la pou retire mikwòb yo. Dezenfektan yo pi efikas sou sifas ki pwòp yo. Li ak swiv etikèt ki sou pwodwi netwayaj ak dezenfektan yo.
- Pote gan ki ka jete yo ak nenpòt ekipman pwoteksyon apwopriye lè ou ap netwaye ak dezenfekte. Jete gan yo nan fatra apre ou itilize yo, epi lave men ou avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib.
- Kite pòt veyikil ou ouvè pandan ou ap netwaye ak dezenfekte.
- Tann jiskaske tout sifas yo fin sèch nèt avan ou aksepte pasaje yo.
- Pou enfòmasyon anplis sou netwayaj ak dezenfeksyon, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi chèche [General Guidance for Cleaning and Disinfection for Non-Health Care Settings \(Enstriksyon sou Netwayaj ak Dezenfeksyon pou Anviwònman ki pa Swen Sante\)](#) yo sou paj [Guidance for Businesses \(Enstriksyon pou Biznis\)](#) yo.

### **Li enpòtan pou nou pa melanje reyalite ak laperèz epi pwoteje kont estigmatizasyon.**

- Epidemi an se pa absoliman yon eskiz pou pwopaje rasis ak diskriminasyon. Li ilegal pou ou fè diskriminasyon kont pasaje yo oswa pasaje potansyèl yo akòz ras, nasyon orijin oswa lòt idantite yo.
- Si yo ap asele ou oswa fè diskriminasyon kont ou akòz ras, peyi orijin oswa lòt idantite yo, kontakte Komisyon Dwa Zimen Vil New York (NYC Commission on Human Rights) la lè ou rele **311** epi di "human rights" (dwa zimen), oswa lè ou vizite [nyc.gov/cchr](https://nyc.gov/cchr) epi klike sou "Report Discrimination" (Rapòte Diskriminasyon).

### **Pran swen tèt ou ak fanmi ou**

- **Aplikasyon Bibliyotèk (App Library) la nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell):** Zouti sante anliy ak byennèt emosyonèl yo.
- **NYC Well:** Sipò sante mantal gratis disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 pou konsèy rapid ak referans yo. Rele 888-692-9355 oswa diskite anliy nan [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).
- **Liy èd sipò emosyonèl pou COVID-19 NYS la:** Pwofesyonèl ki fòme yo disponib pou koute, sipòte ak bay referans si sa nesèsè. Rele 844-863-9314 ant 8 AM ak 10 PM nenpòt jou nan semèn lan.
- **NYC Health + Hospitals (Sant + Lopital NYC):** Bay swen ak Nouyòkè yo, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo oswa kapasite pou yo peye. Rele 844-692-4692 oswa **311**.

#### **Rete Enfòmè**

- Vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) pou enfòmasyon sou COVID-19.
- Afiche enfòmasyon pou pasaje yo nan do chèz ou. Vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) pou ou jwenn postè ak depliyen yo.
- Pou enfòmasyon anplis sou Re-ouvèti NYC, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus) epi ale sou paj [Guidance for Businesses \(Enstriksyon pou Biznis\)](#) yo.

**Depatman Sante NYC (NYC Health Department) la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyaasyon an ap evolye.**

6.29.20